



Pou Piblikasyon Imedya: 02/08/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE ANPLWAYE MTA AK OTORITE PÒTYÈ NEW YORK YO PRAL GEN OBLIGASYON POU VAKSINEN POU COVID-19 OSWA FÈ TÈS CHAK SEMÈN APATI FÈT TRAVAY LA**

***Sit vaksinasyon MTA yo pral re-ouvri pou anplwaye yo***

***9 sit vaksinasyon pral ouvri nan zòn ki gen gwo konsantrasyon anplwaye eta yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke anplwaye MTA ak Otorite Pòtyè yo k ap travay nan enstalasyon New York yo pral gen obligasyon pou vaksinen pou COVID-19 oswa fè tès chak semèn apati Fèt Travay la. Sit vaksinasyon pou anplwaye sèlman yo ki te fèmen anvan piske itilizasyon yo te bese pral re-ouvri alòske sa ki te rete ouvri yo pral kontinye fonksyone. Nèf nouvo sit vaksinasyon pral ouvri nan lokal yo ki gen yon gwo konsantrasyon anplwaye eta a pou pèmèt vaksinasyon an konfòtab nan mezi posib pou sila yo ki poko te pran li.

"Tout moun ap pale sou règleman pou mask nan moman an, men mwen pa kwè yon règleman pou mask sifi - nou dwe pale sou yon règleman pou vaksinasyon", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te fè premye pa a nan òdone tout anplwaye yo nan eta a pou pran vaksen an oswa fè tès chak semèn epi n ap elaji sa nan egziye tout travayè MTA ak Otorite Pòtyè yo pou fè sa tou. Eta a ap montre chemen an, men gouvènman lokal yo, lekòl yo, lopital piblik yo ak menm biznis yo dwe kòmanse konsidere vaksinasyon obligatwa tou paske si nimewo yo kòmanse monte byen vit, nou pa ka pèmèt nou tounen dèyè epi pèdi pwogrè nou te fè deja."

Nouvo sit vaksinasyon yo pral ouvri nan:

- Dulles State Office Building nan Watertown
- Hughes State Office Building nan Syracuse
- Utica State Office Building
- Binghamton State Office Building
- Empire State Plaza Concourse
- Eleanor Roosevelt State Office Building nan Poughkeepsie
- Adam Clayton Powell, Jr. State Office Building nan Harlem
- Duryea State Office Building nan Hauppauge
- NYS Department of Labor, Hicksville

Egzijans sa a fèt apre [konferans laprès](#) Gouvènè Cuomo a nan 28 jiyè kote li te anonse anplwaye yo nan eta ak anplwaye yo ki travay ak pasyan nan lopital eta a jere

yo pral gen obligasyon pou vaksinen pou COVID-19 jiska Fèt Travay la. Sila yo ki chwazi rete san vaksinen pral gen obligasyon pou fè tès chak semèn.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa MTA, Janno Lieber, te deklare,** "MTA pa gen pi gwo priyorite pase sante ak sekirite anplwaye nou yo. N ap entwodui nouvo òdonans sa a pou vaksen ak tès pou asire anplwaye nou yo pwoteje nan mezi posib kont varyant Delta a pandan rekiperasyon rejyon an ap akselere. Jiskaprezan, apeprè 70% mendèv nou te deja vaksinen - sa gen ladan sila yo ki pran dòz yo nan katye yo nan famasi ak nan lòt sit lokal yo. Se yon gwo pwogrè men nou kapab epi nou dwe fè mye nan enterè sante ak sekirite piblik la."

**Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of NY & NJ), Rick Cotton, te deklare,** "Pandan pandemi an, Otorite Pòtyè a te pran anpil mezi pou aplike pwotokòl sante ak sekirite yo ki pwoteje vwayajè ak anplwaye yo. Nou te toujou chèche oryantasyon nan men eta yo epi se sa n ap fè nan moman an. Otorite Pòtyè a pral redouble efò li pou fè anplwaye yo vaksinen epi nou pral byen konsilte lidè tout sendika Otorite Pòtyè yo sou plan aplikasyon yo pou pwogram tès chak semèn lan."

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)